



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

PANDAN SEMÈN LATÈ A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 60 MILYON DOLA POU NOUVO PWOGRAM SIBVANSYON POU REZILYANS EKOLOJIK

Pwogram finansman pou finance pwojè enfrastrikti ekolojik ki enkli twati ekolojik, ri ekolojik ak chose pèmeyab

Fè plan rezilyans konplè a pwogrese nan diskou Gouvènè Hochul sou sitiyasyon eta a an 2024

Aplikasyon yo ap pibliye nan dat 1ye me

Pou selebre Semèn Latè a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, gen 60 milyon dola ki disponib pou faz inogirasyon yon nouvo pwogram Sibvansyon pou Rezilyans Ekolojik (Green Resiliency Grant, GRG). Nouvo pwogram lan ap bay sibvansyon a kominote ki gen chans pou inonde yo epi ede yo antreprann pwojè enfrastrikti ekolojik tankou twati ekolojik, ri ekolojik ak chose pèmeyab. Aksyon sa fè plan pou dlo pwòp ak rezilyans Gouvènè a pwogrese nan diskou li a sou sitiyasyon eta a an 2024.

“Evènman klimatik ekstrèm yo vin rive regilyèman nan eta nou an, e enfrastrikti ki solid epi dirab se premye liy defans nou,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “N ap diminye emisyon gas efè sèr yo agresivman nan New York, epi an menm tan, nou dwe prepare pou tanpèt k ap vini yo. Pwogram Sibvansyon pou Rezilyans Ekolojik la se yon etap enpòtan pou konstui enfrastrikti ki pi dirab epi pwoteje kominote nou yo pou jenerasyon k ap vini yo.”

GRG se yon sibvansyon sou konpetisyon pou sipòte kominote yo pou mete anplas pwojè enfrastrikti ekolojik ki pote transfòmasyon epi ki pote benefis tankou:

- **Kominote ki pi sekirize, pi rezilyan:** Diminye risk inondasyon pou pwoteje kay ak biznis nou yo pi byen.
- **Dlo ak lè ki pi pwòp:** Diminye epi trete dlo siklèn nan sous la.
- **Vil ki pi fre:** Lè nou diminye efè zile chalè iben an sa kreye yon anviwònman ki pi konfòtab.
- **Ekosistèm k ap pwospere:** Lè nou restore abita yo, sa ede nou fè lanati retounen nan kominote yo.

- **Kominote ki dinamik:** Lè gen bèl bagay sa atire investisman epi rebay vi nan katye yo.

Gouvènè Hochul te anonse Sibvansyon pou Rezilyans Ekolojik (GRG) a nan Diskou li a sou Sitiyasyon Eta a an 2024 nan kad yon [plan rezilyans konplè](#) ak aksyon pou [sekirize dlo pwòp](#). Se Sosyete Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) Eta New York ki administre GRG a. Aplikasyon yo ap pibliye apati 1ye me sou [sitwèb](#) EFC a. Pwogram lan finanse atravè yon konbinezon angajman istorik Gouvènè a nan enfrastrikti dlo pwòp ak Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal nan Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) 2022 Eta NY la.

EFC te pibliye bouyon enstriksyon pou kalifikasyon an pou kòmantè piblik nan mwa mas. EFC te itilize opinyon piblik ki nan enstriksyon sou kalifikasyon bouyon sa yo pou ede oryante devlopman pwogram lan.

GRG ka finanse jiska 90 pousan nan depans pwojè ki kalifye yo ak yon sibvansyon maksimòm 10 milyon dola. Pwojè GRG yo dwe genyen yon depans total 1 milyon dola epi gen enpak pozitif sou yon minimòm 100,000 pye kib ekoulman dlo lapli chak ane. Pwojè ki kalifye yo genyen ladan yo pwojè ki abòde devèsman egou sanitè pandan mote tan ekstrèm yo ak sila ki konbine enfrastrikti ekolojik ak fonksyon ki baze nan lanati yo konbine pou asire gen enfrastrikti klimatik ki rezilyan.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EFC a, Maureen A. Coleman te deklare, "Gouvènè Hochul konprann li enpòtan pou bay kominote yo resous finansye pou fè pwojè ki pare pou lanse yo pwogrese ki modènize enfrastrikti nou an epi rann kominote nou yo pi rezilyan kont inondasyon ak lòt enpak klimatik. Finansman yo te anonse jodi a ap fè pwojè amelyorasyon kalite dlo ki esansyèl nan tout eta a pwogrese, k ap asire ke sistèm dlo piblik nou yo pwoteje, epi ke nou pi byen prepare pou fè fas ak pwochen tanpèt grav."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la, Sean Mahar, te deklare, "Pou reyalize yon lòt angajman nan Diskou sou Sitiyasyon Eta a pou ede kominote ki gen chans pou inonde yo, aksyon Gouvènè Hochul yo ap pèmèt plis Nouyòkè yo resevwa benefis anviwònmanal, sante, ekonomik, ak rezilyans enfrastrikti ekolojik la. DEC pa ka tann pou travay ak EFC ak benefisyè potansyèl sibvansyon yo sou pwojè k ap ranfòse epi amelyore patisipasyon kominotè yo epi ede yo pwospere."

Kominote ki Defavorize yo

Lwa sou Obligasyon anviwònmanal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik la egzije pou kominote defavorize yo pa resevwa plis pase 35 pousan, avèk objektif 40 pousan, nan benefis total finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal 4.2 milya dola a.

Kominote ki defavorize yo se sila ki idantifye nan Gwoup Travay sou Jistis Klimatik la (Climate Justice Working Group), konfòmman ak [Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a](#). EFC te tabli yon objektif 40 pousan pou pwogram sibvansyon GRG a konfòmman ak egzijans kominote defavorize k ap benefisye yo.

Angajman New York pou Kalite Dlo

Eta New York kontinye ogmante investisman nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki genyen ladan yo [325 milyon dola opòtinite sibvansyon](#) ke li te rann disponib nan mwa janvye a. Avèk 500 milyon dola ki atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè 2024-2025 ki adopte ke Gouvènè Hochul te anonse a, New York ta investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa. Inisyativ Gouvènè Hochul la nan Diskou sou Sitiyasyon Eta a te ogmante sibvansyon yo soti nan 25 rive nan 50 pousan nan depans pwojè ki kalifye yo pou ede sipòte pi piti kominote yo. Pou pwofite investisman sa yo epi asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo, Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo pou ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a pou adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Nou ankouraje tout kominote ki bezwen èd pou enfrastrikti dlo yo kontakte EFC [isit la](#).

Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal 4.2 milya dola a ap fè avanse nivo finansman istorik pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen yo epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi bese emisyon ki chanje klima yo, retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Se EFC ki te bay Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal la an desanm atravè pwogram Sibvansyon Entèminisipal pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement and Intermunicipal GrantWIIA/IMG), lè Gouvènè Hochul te anonse [479 milyon dola pou 156 pwojè](#) atravè Eta New York.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)